



## Kijan pou reponn yon Plent nan Pati Sivil Espesyal la

How to Answer a Complaint in the Special Civil Part - Haitian Creole

### **Kimoun Ki Gen dwa Itilize Blòk Done Sa a?**

Ou kab itilize blòk done sa a si yap asiyen ou nan Pati Sivil Espesyal la pou yon montan lajan ki rive jiska \$20,000.00 epi ou pa gen okenn reklamasyon kont lòt moun (Kontrekare yon reklamasyon, reklamasyon tyès pati). Si w pa prezante yon Repons nan delè espesifye a nan Manda konparisyon a, ki akonpaye Plent la, w ap genyen yon jijman monetè kont ou.

**PA ITILIZE** blok done sa a si w panse ke w ap, kontrekare yon reklamasyon, yon reklamasyon tyès pati oswa w ap asiyen yon tyès pati (tout definisyon konsènan tèm sa yo parèt nan paj 5 a) Pito ou sèvi ak blok done [11968 - Kijan pou Reponn yon Plent nan Pati Sivil Espesyal la ak yon reklamasyon rekolvansyonèl, reklamasyon oswa ranvwa san otorizasyon ak/oswa Plent Tyès Pati](#) (How to Answer a Complaint in the Special Civil Part With a Counterclaim, Cross-claim and/or Third Party Complaint).

#### Egzijans Jeneral yo:

1. Ou fèt pou voye yon REPONS ba tribunal la nan yon delè de 35 jou apati de dat ke yo te voye manda konparisyon a pou w. Dat la ap parèt sou manda konparisyon ke w resevwa a. Repons ou fèt pou li akonpaye de yon frè \$30, oubyen si w pa gen mwayen pou peye frè \$30, yon demann pou yo eggzante w de frè a. Pou itilize yon eggzansyon frè sèvi ak blok done [11208 - Kijan pou Prezante yon demann pou Egzansyon Frè-Tout Tribunal](#) (How to File for a Fee Waiver - All Courts), ke w a va jwenn nan Sant Oto Asistans nan [njcourts.gov](#). (**Ou fèt pou voye fòm sa a nan menm moman** ke w prezante repsons ou a.)
2. Si w gen prèv pou montre ke w pa dwe montan y ap reklame a, kankou resi, kenbe dokiman orijinal yo epi prezante ak yo nan jijman a.
3. Ou fèt pou voye yon kopi Repons la ba Plenary a pa lapòs lèt rekomande oswa pa lapòs nòmal si pleyan pa gen avoka. Si pleyan a gen avoka, ou fèt pou voye kopi Repons la ba avoka pa lapòs nòmal.
4. Chak moun ke yo asiyen fèt pou prezante Repons pèsonèl pa yo.

5. Repons sou non yon KÒPÒRASYON, KÒPÒRASYON AK RESPONSABILITE SIVIL LIMITE oswa ASOSYASYON LIMITE nan yon asosyasyon limite fèt pou prezante pa yon avoka si montan y ap reklame a nan ka depase \$5,000.

Remak: Se Biwo Administratif Tribunal Nyoudjèze ki prepare dokiman sa yo pou moun kap reprezante tèt yo poukонт yo. Gen mizajou ki fèt nan direktiv yo, eksplikasyon yo ak fòm yo chak peryòd pou montre dènye lwa Nyoudjèze ak règ tribunal yo. Dènye vèsyon **fòm yo** ap disponib nan palè jistis konte a oswa nan sit Entènèt Sistèm Lajistis **njcourts.gov**. Men, se oumenm ki finalman responsab pou kontni tout dokiman papye ou pral prezante ba tribunal la.

**Tout fòm konplete fèt pou soumèt nan Pati Sivil Espesyal nan konte kote ou te depoze ka w an. Yon lis sou Biwo Pati Sivil Espesyal la (**Special Civil Part Offices**) disponib nan kontwa kliyan ak nan sitwèb **njcourts.gov**.**

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribunal la fèt pou an angle.  
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English.

## Bagay pou Reflechi Anvan ou Eseye Reprezante tèt ou nan Tribunal

### Eseye Angaje Yon Avoka

Sistèm jidisyè kab gen anpil konfizyon epi li ta yon bon lide pou angaje yon avoka si w kapab. Si w pa gen mwayen pou angaje yon avoka, ou ta mèt kontakte pwogram Sèvis Legal konte w an pou wè si w kalifye pou resevwa sèvis legal gratis. W ap jwenn nimewo telefòn la sou liy yo anba “Legal Aid” oswa “[Legal Services](#)”.

Si w pa kalifye pou sèvis legal gratis epi w bezwen èd pou jwenn yon avoka, ou kab kontakte asosyasyon bawo ([Lawyer Referral Service](#)). Sèvis Referans Avoka ki fè pati Bawo Konte a kab founi w ak tout non avoka ki nan zòn ou an, ki dispoze jere tip ka w an an patikilye epi tou ki pafwa takab ba w yon konsiltasyon a pri redwi.

Genyen tou yon seri òganizasyon avoka minoritè atravè Noudjèze, ansanm ak òganizasyon avoka ki jere tip de ka espesyalize sa yo. Mande youn nan anplwaye Tribunal Siperyè a yon lis tout sèvis referans avoka ki enkli tout òganizasyon sa yo.

### Kisa Ou Ta Dwe Espere Si W Reprezante Tèt Ou Poukont Ou

Menmsi w gen dwa pou reprezante tèt ou poukont ou nan tribunal la, ou pa ta dwe espere tretman espesyal, èd oswa atansyon tribunal la. Ou oblige obeyi tout Règleman tribunal la, menm si ou abitye avèk yo. Sa ki anba la a se yon lis kèk bagay anplwaye tribunal la kapab epi pa kapab fè pou ou. Tanpri li lis la avèk anpil atansyon anvan ou mande anplwaye tribunal la pou ede ou.

- Nou *kapab* ba w eksplikasyon epi reponn kesyon ou yo sou fason tribunal la fonksyone.
- Nou *kapab* di w ki sa tribunal la egzije pou li konsidere dosye ou.
- Nou *kapab* ba w kèk enfòmasyon ki nan dosye ou.
- Nou *kapab* ba w kèk modèl fòm tribunal la ki disponib.
- Nou *kapab* gide w nan ranpli fòm yo.
- Nou *kapab* reponn kesyon ou yo anjeneral konsènan dat limit yo nan tribunal la.
- Nou *pa kapab* ba w konsèy legal. Se avoka w sèlman ki kapab ba w konsèy legal.
- Nou *pa kapab* di w si w ta dwe ou pa, prezante yon ka nan tribunal.
- Nou *pa kapab* ba w yon pwendvi sou sa k ap pase si w prezante dosye ou nan tribunal.
- Nou *pa kapab* rekòmande yon avoka, men nou kapab ba w nimewo telefòn yon sèvis referans avoka zòn nan.
- Nou *pa kapab* pale avèk jij la sou sa k ap pase nan ka w.
- Nou *pa kapab* kite ou pale avèk jij la deyò tribunal la.
- Nou *pa kapab* chanje yon lòd jij la bay.

## **Kenbe Kopi Tout Papye Yo**

Si ou pa angaje yon avoka epi w ap reprezante tèt ou epi kenbe yo pou tèt ou, asire w byen ke w kenbe tout kopi fòmilè ranpli yo ak tout chèk ki touche, money orders, tout resi de vant, bòdwo, kontra, devi, lèt, kontra lokasyon, foto, ak tout lòt dokiman empòtan ki gen pou wè ak dosye w an.

## Definisyon kèk mo yo itilize nan blòk done sa a

**Repons** (Answer) - Yon *repons* se yon repons akize a, alekri de zak prezime ki parèt nan Plent la, ki eksplike pouki ou panse ou pa dwe lajan a ba yon lòt pati nan ka a.

**Plent** (Complaint) - Yon *plent* se yon dokiman kote pleyan a eksplike tribunal la done pa liyo ak ki ba li dwa resevwa solisyón lap chache nan men tribunal la.

**Kontrekare yon Reklamasyon\*** (Counterclaim\*) - Yon demann rekondansyonèl se yon dokiman kote (ou) Akize a eksplike tribunal la tout done yo epi ki eksplike pouki w panse ke Pleyan dwe w lajan nan ka sa a.

**Reklamasyon tyès pati\*** (Cross-claim\*) - Yon *Reklamasyon tyès pati* se yon reklamasyon yon akize fè pou di ke se ko-akize a ki responsab tout domaj pleyan a sibi.

**Pa defo** (Default) - Lè yon akize pa reponn a Plent la alè ki espesifye a nan Manda konparisyon a, tribunal la ap siyale ke akize a an defo poutèt li pa Reponn a Plent la. Yon fwa yon defo finn emèt, jij la gendwa emèt yon jijman monetè an favè pleyan a. Nan menm fason a tou, si Pleyan a pa prezante nan tribunal, tribunal la takab anile ka a poutèt pleyan a pa pouswiv ak dosye a.

**Akize** (Defendant) - Se moun yo asiyen a.

**Depoze** (File) - *Depoze* vle di remèt tout fòm apwopriye yo ansanm ak frè yo ba tribunal la pou tribunal la komanse konsidere pozisyon ou oubyen demann ou a.

**Entewogatwa yo** (Interrogatories) - *Entewogatwa yo* se yon lis kesyon de Pleyan ak/oswa akize a kap mande enfòmasyon osijè de dosye a ki mande pati ki resevwa manda konparisyon a reponn.

**Jijman** (Judgment) - *Yon Jijman* se desizyon ofisyèl tribunal la emèt sou ka a.

**Demann** (Motion) - Yon *demann* se yon petisyon alekri kote w mande tribunal la pou li emèt yon lòd, oswa chanje yon lòd ki deja emèt.

**Lòd** (Order) - Yon *lòd* se yon papye jij la siyen ki pase lòd pou yon moun fè yon bagay.

**Pati** (Party) - Yon *pati* se yon moun, biznes, oswa ajans gouvnmantal ki nonmen sou dosye tribunal la.

**Plenyan** (Plaintiff) - *Plenyan a* se moun (pati) ki depoze yon plent.

**Dat Retou** (Return Date) - *Dat Retou a* se dat tribunal la komande pou ni plenyan ak akize a konparèt nan tribunal.

## Definisyon kèk mo yo itilize nan blòk done sa a (kontinye)

**Sèvis (Service)** - *Sèvis* se swa voye pa lapòs oubyen remèt tout kopi dokiman ou yo ba avoka lòt pati, oubyen ba lòt pati a si li pa gen avoka.

**Manda Konparisyon (Summons)** - *Yon manda konparisyon* se dokiman ki notifye yon Akize ke y ap asiyen li epi tou, ki eksplike brèfman pazaswiv yo takab bezwen pran yon fwa ke li finn resevwa avi a.

**Plent Tyès Pati\*** (Third Party Complaint\*) - *Yon plent tyès pati* se yon plent ki antame kont yon tyès (nouvo) pati pa yon akize ki di ke se tyès pati a ki responsab de tout oswa pati reklamasyon konfli a.

\*Si w ap kontrekare yon reklamasyon, w ap prezante yon reklamasyon tyès pati, oswa w ap asiyen yon tyès pati, itilize blok done [11968 - Kijan pou Reponn yon Plent nan Pati Sivil Espesyal la ak yon reklamasyon rekonvansyonèl, reklamasyon oswa ranvwa san otorizasyon ak/oswa Plent Tyès Pati](#) (How to Answer a Complaint in the Special Civil Part With a Counterclaim, Cross-claim and/or Third Party Complaint)

Pazaswiv nimewote ki endike anba la a di w ki fòm w ap bezwen ranpli ak sa pou fè avèk yo. Ou ta dwe tape chak fòm oswa ou ta dwe ekri aklè sou yo an lèt detache sou papye blan 8 ½" x 11" sèlman. Ou pa ka ranpli fòm yo sou yon papye ki gen diferan dimansyon oswa yon diferan koulè.

## **Pazaswiv pou Depoze Repons ou nan Pati Sivil Espesyal la**

### **PA 1: Ranpli Repons ki koresponn la sou Fòm Respons (Answer) (Fòm A oswa B)**

*Ranpli repsons la (Answer)* alekri ki reprezante repsons a plent la, ki eksplike pouki ou panse ke w pa dwe lajan ke moun kap asiyen ou an ap reklame a.

- Si ka w an **PA GEN** pou wè ak aksidan machinn itilize Fòm A. W ap jwenn tout enstriksyon detaye konsènan kijan pou ranpli Fòm A a, nan paj 10.
- Si ka w **PA GEN pou** wè ak aksidan machinn, itilize fòm B a. W ap jwenn tout enstriksyon detaye konsènan kijan pou ranpli Fòm B a nan paj 15.

### **PA 2: Peye Frè pou prezante ka a**

Yon chèk ou oswa money order pou \$30 peyab a *Treasurer, State of New Jersey*, oubyen si lap depoze l pa vwa elektwonik atravè Sistèm Jidisye pou Dokiman Elektwonik yo (Judiciary Electronic Document System (JEDS), ou pab itilize kat kredi. Si w pa gen mwayen pou peye frè pou depoze dosye a, anekse yon demann egzansyon frè ([CN 11208](#) ke wa va jwenn nan [njcourts.gov](#)).

### **PA 3: Ki kote pou Prezante Repons**

Ou fèt pou depooze repsons ou nan Biwo Pati Sivil Espesyal la nan konte kote yo depoze ka a kont ou. Gade manda konparisyon ke w te resevwa a de tribunal la pou jwenn adrès la.

### **PA 4: Tcheke fòm ou ranpli a**

Tcheke fòm ou an epi asire w ke li konplè. Retire tout papye enstriksyon yo. Asire w ke w siyen fòm la epi tou, ke ou mete non ou, adrès ak nimewo telefòn ou.

**LIS TOUT SA POU FÈ:** Ou fèt pou genyen tout bagay sa yo an lòd:

— *Answer (Repson) (Fòm A OSWA B)*

— \$30 frè pou depoze plent la an fòm chèk, manda postal, kat kredi elektwonik oswa demann pou egzansyon frè. Pa voye lajan kontan/kash pa lapòs. Ou ta mèt itilize lajan kontan/kash si w ap peye an pèsòn, men ou fèt pou kenbe resi ke anplwaye tribunal la ba w pou dosye w yo.

### **PA 5: Voye pa lapòs oswa fè livrezon tout blòk done w an ak tout papye konplete ba tribunal la ansanm ak tout lòt pati yo nan ka a**

Ou kab depoze Repons ou pa vwa elektwonik atravè sistèm JEDS la oswa an pèsòn oswa pa lapòs. Si w voye Repons ou an pa lapòs, nou rekomande ke w voye li pa lèt rekomande, ak demann avi resepsyón. Sa va ba w yon ti resi an fòm kat vèt ka va sèvi kom prèv ke w te

ekspedye Repons ou ba tribunal la pa lapòs. Biwo Lapòs ou an kab di w kijan pou voye yon lèt rekomande, ak demann avi resepsyon.

Ou fèt pou voye pa lapòs tou yon kopi ba chak avoka pati yo pa lèt rekomande ak lapòs nòmal si pati a pa gen avoka. Si dosye a nonmen yon lòt moun (apa de w) antan ke akize, ou fèt pou voye ba moun sa a tou yon kopi Repons ou an.

- Fè sifizan kopi Repons ou an de fason pou ka kenbe youn pou tèt ou ak youn pou avoka lòt pati yo. Si lòt pati a pa gen avoka, lè sa a, fè sifizan kopi pou ka gen yon kopi pou chak pati nan ka a.
- Voye pa lapòs oswa fè livrezon repons oriijinal la ba tribunal la.
- Voye pa lapòs oswa fè livrezon yon kopi ba chak avoka lòt pati yo oswa ba chak pati si yo pa ta gen avoka.

#### **PA 6: W ap resevwa yon dat pou prezante nan tribunal pou jijman a**

Aprè ou finn prezante Repons ou nan tribunal la, w ap resevwa yon avi pa lapòs ak dat pou konparèt nan tribunal la. Pleyan a tou ava resevwa yon avi pou li konparèt nan tribunal nan menm dat la. Ou fèt pou konparèt nan tribunal nan dat sa a; si w pa konparèt, tribunal la kab emèt yon *defo kont ou ak yon Jijman*, epi tou, ou ta kab pèdi ka a.

Si w pa ta kab prezante nan dat yo ba w a poutèt sikontans enprevi, ou fèt pou kontakte pleyan a pou mande konsantman yo pou repwograme ka a. Yon fwa ou finn kontakte pleyan a, ou ta mèt kontakte tribunal la pou notifye yo de repons pleyan ak mande yon nouvo dat. Si pleyan a pa konparèt, yo kab anile ka a.

#### **Lòt Konsiderasyon**

##### **Entewogatwa yo**

Si w ta resevwa yon lis kesyon (*entewogatwa*) de pleyan a, ou fèt pou reponn ak remèt yo ba pleyan a nan yon delè de 30 jou. Si w pa fè li, tribunal la ta kab pran yon desizyon kont ou epi siprime (anile) repons pa w. Lè sa a, w ap bije depoze yon petisyon alekri kote w ap notifye tribunal la ke w reponn tout kesyon yo epi mande tribunal la pou li reouvri dosye a epi re-aksepte repons ou. Frè pou restore dosye a se \$25 si w prezante yon petisyon nan delè 30 jou de lòd sipresyon a; aprè 30 jou, frè restorasyon an se \$75. Aprè 45 jou tribunal la kab deside pou li fè lòd sipresyon a yon lòd definitif epi emèt yon jijman pa defo kont ou san li pa menm tandem vèsyon pa w an.

Akize a gendwa voye yon lis entewogatwa ba pleyan a. Plent pleyan a ta kab anile si yo pa reponn kesyon ki nan entewogatwa a nan yon delè de 30 jou tou. Pou egzanp kesyon entewogatwa yo al nan [CN 11895 - Model Interrogatories in Special Civil Part Contract and Debt Collection Cases in Which the Demand Exceeds \\$5,000](#) (nan lang angle) sou [njcourts.gov](#).

## Negosyasyon sou Antant

Tribinal la pwobableman ap mande w pou eseye rezoud ka a ak èd yon medyatè jou jijman a anvan jijman a komanse. Ou ta kab byen vle kontakte avoka pleyan a tou, oswa pleyan a, si li pa ta gen avoka, pou rezoud dispit la poukout ou anvan dat jijman a. **Ou pa oblige fè sa, amwens ke w ta vle fèl.** Mèzalò, negosye ak pleyan a oswa avoka pleyan a pap rete peryòd 35 jou pou depoze yon respons amwens ke ta gen yon antant alekri ki ta fèt ant ou menm ak pleyan ki ta depoze nan tribinal la anvan echeyans peryòd 35 jou yo.

Sistèm Jidisyè ap fè aranjman rezonab pou pèmèt nenpòt moun andikape jwenn aksè ak patisipe nan tout evenman jidisyè yo. Tanpri kontakte Kowòdinatè ADA a pou mande yon aranjman espesyal. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](#).

Sistèm Jidisyè Nyoudjèze a founi sèvis entèprèt. Si w bezwen entèprèt, notifye tribinal la le pli vit posib. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](#).

## **Enstriksyon sou kijan pou Ranpli Repons Sivil Espesyal (Pa-Machinn) Fòm A**

(Special Civil Answer (Non-Auto))

**(PA ITILIZE** fòm sa a si ka a gen pou wè ak aksidan machinn. Si ka w a gen pou wè ak aksidan machinn, itilize Fòm B a)

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribinal la fèt pou an angle.  
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English.

- A.** Akize a/*defendant*, se w, moun y ap asiyen a, epi pleyan/*plaintiff* se moun kap asiyen ou an.
- B.** Nan pati gòch anlè tèt fòm la sou seksyon ki make *Filing Attorney Information or Pro Se Litigant*, la, ekri non ou, adrès ou, nimewo telefòn lajounen, ak adrès imèl ou. Si w pa yon avoka, kite kote ki make Idantifikasyon Avoka/*Attorney ID* vid.
- C.** Nan seksyon ki make enfòmasyon pleyan a, ekri non pleyan a, adrès ak nimewo telefòn pou rele lajounnen. Asire w ke w make kazye a si adrès w ak/oswa nimewo telefòn ou ta chanje depi lè w te prezante plent inisyal la.
- D.** Nan seksyon pou enfòmasyon akize a, ekri non (non yo), adrès aktyèl (adrès yo) ak nimewo telefòn lajounnen (nimewo telefòn yo) akize a ki parèt sou lis ki nan plent la.
- E.** Nan pati a dwat sou fòm la, ekri non Konte a/*County* epi *Docket No.* nimewo tribinal la deziye ba ka a. (W ap kab jwenn enfòmasyon sa a nan plent ke yo depoze kont ou a).
- F.** Nan seksyon anba *Defendant denies owing the debt to the Plaintiff*, mete yon ti mak nan deklarasyon oswa deklarasyon yo ki ta apwopriye a ki etabli pouki ou panse ou pa dwe pleyan a lajan (make tout sa ki aplike yo); oswa chwazi ti kazye ki make "Other" (Lòt) epi eksplike pozisyon ou.
- G.** Nan paj 2, endike si w vle ou pa yon jijman devan jiri. Si se sa, chwazi deklarasyon ki koresponn avek li - demann pou jijman devan jiri (*trial by jury requested*) oswa demann pou jijman devan jiri epi aplikasyon pou egzansyon frè déjà soumèt (*trial by jury requested and I have submitted an application for a fee waiver*).  
Enkli swa yon chèk oubyen money order pou \$130 (\$100 pou jiri a ak \$30 pou frè Repons ki depoze a) peyab a *Treasurer, State of New Jersey* oubyen aplikasyon ou tou ranpli kote w ap mande egzansyon frè. (Pou prezante yon demann egzansyon frè itilize blok done [11208 - Kijan pou Prezante yon demann pou Egzansyon Frè-Tout Tribunal](#) (How to File for a Fee Waiver - All Courts), ke w a va jwenn nan Sant Oto-Asistans nan [njcourts.gov](#)).
- H.** Nan pati Sètifikasyon a, tcheke tout kazye aplikab yo nan **chak seksyon**, fè tribinal la konnen si gen lòt dosye konsènan menm pati yo. Founi enfòmasyon konsènan lòt reklamasyon yo oswa demann ki prezante (si ta gen okenn), epi notifye tribinal si okenn nan lòt pati yo ta fèt pou patisipe nan pouswit sivil la.

- 
- I. ENPOTAN:** Byen revize sètifikasyon ki fèt yo epi retounen tcheke you pou wè si w obeyi tout egzijans Sètifikasyon yon anvan ou kontinye ak pwochen pa a. Sa vle di ke w fèt pou asire w ke w pa bezwen mennen okenn lòt moun nan ka a oubyen pou notifye tribunal la si yon lòt pati ta fèt pou fè pati ka a. Youn nan egzant pi komèn yo se lè yon lopital ap asiyen yon pasyan pou bòdwo ki pa peye, men pasyan a kwè ke se konpayi asirans la ki ta dwe peye bòdwo a. Konpayi asirans la fèt pou enkli nan ka a. Si w nan yon sitiyasyon ki ta sanble egzant sa a, **PA ITILIZE** blok done sa a, itilize **11968** la pito - **Kijan pou Reponn yon Plent nan Pati Sivil Espesyal la ak yon reklamasyon rekolvansyonèl, reklamasyon oswa ranvwa san otorizasyon ak/oswa Plent Tyès Pati** (How to Answer a Complaint in the Special Civil Part With a Counterclaim, Cross-claim and/or Third Party Complaint).
- J.** Si *Repons (Answer)* (Fòm A) oswa nenpòt nan kopi papye yo ke w anekse a repons la ta gen nimewo Sekrite Sosyal, nimewo lisans kondwi, nimewo plak machinn, nimewo polis dasirans, kont finans ki aktif, nimewo kat kredi oswa enfòmasyon sou stati endividé a nan lame, ou fèt pou edite (bife) enfòmasyon sa a pou yo paka wè l, amwens ke nimewo idantifikasiyon pèsonèl sa yo oblige enkli daprè lalwa, règleman, direktiv administratif oswa lòd tribunal. Si se yon kont finansye ki lakòz reklamasyon a epi pa gen lòt fason pou idantifye li, ou ta met itilize kat dènye chif kont la pou idantifye li. Yon fwa ou finn konfime ke okenn nan idantifikasiyon pèsonèl sa yo sou papye ke w ap ranpli yo, ou fèt pou siyen ak make dat Sètifikasyon an ki di "*I certify that personal identifiers have been redacted from documents now submitted to the court and will be redacted from all documents submitted in the future in accordance with Rule 1:38-7(b).*"
- REMAK: Pa edite** (bife) enfòmasyon sa a nan dokiman orijinal yo ke w kenbe pou tèt ou piske w byen kab oblige montre yo nan tribunal la a yon moman done.
- K.** Nan liy ki parèt sou tèt *Dated la*, enprime byen klè oswa tape dat ke w te siyen fòm la, siyen non ou nan liy anlè kote ki make *Defendant's Signature* epi enprime byen klè oswa tape non ou sou liy ki parèt anba siyati w an.
- L.** Si w ta renmen jwenn swa yon kopi tout dokiman oswa papye ke yo mansyone nan Plent la tcheke kazyé ki make *the Demand for Production of Documents* ki parèt alafen fòm la.

**Revize tout pa yo pou wè si tout bagay konplè anvan ou voye fòm yo ale pa lapòs.**

## Form A

**NOTICE:** This is a public document, which means the document as submitted will be available to the public upon request. Therefore, do not enter personal identifiers on it, such as Social Security number, driver's license number, vehicle plate number, insurance policy number, active financial account number, active credit card number or military status.

### Filing Attorney Information or Pro Se Litigant

Name \_\_\_\_\_

NJ Attorney ID Number \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Email Address \_\_\_\_\_

Telephone Number \_\_\_\_\_

### Plaintiff Check if new address/phone number

Name \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Email Address \_\_\_\_\_

Telephone Number \_\_\_\_\_

vs.

### Defendant

Name \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Email Address \_\_\_\_\_

Telephone Number \_\_\_\_\_

Superior Court of New Jersey  
Law Division, Special Civil Part

County \_\_\_\_\_

Docket Number: DC- \_\_\_\_\_

### Civil Action

### Answer

Defendant denies owing the debt to the Plaintiff. Check the appropriate statement(s) below which set forth why you claim you do not owe money to the plaintiff or owe less than the Plaintiff is claiming.

- The bill has been paid.
- The dollar amount claimed by the plaintiff(s) is incorrect.
- The claim or the amount of the claim is unfair. (*Must explain below*)
- The goods or services were not received.
- The goods or services received were defective.
- I/We did not order the goods or services.
- I am a victim of identity theft or mistaken identity.
- The time has passed for plaintiff to sue on this debt.
- This debt has been discharged in bankruptcy.

## **Form A**

- A lawsuit was previously filed and the claim has been resolved. (*Must explain below*)
  - Defendant is in the military on active duty.
  - Plaintiff did not file this lawsuit in the proper place. (*Must explain below*)
  - Other – Set forth any other reasons why you believe money is not owed to the plaintiff(s).  
(You may attach more sheets if you need to.)

- Trial by jury requested; an extra \$100 cash, check or money order is submitted.
  - Trial by jury requested; and I have submitted an application for a waiver of the \$100.00 fee.

The Judiciary will provide reasonable accommodations to enable individuals with disabilities to access and participate in court events. Please contact the local ADA coordinator to request an accommodation. Contact information is available at [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

The New Jersey Judiciary provides court-interpreting services. If you need an interpreter, notify the court as soon as possible. Contact information is available at [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

## Certification

I certify, to the best of my knowledge: (*Must check one*)

- that the above matter is not the subject of any other court action or arbitration proceeding now pending or contemplated, or
  - that the following actions or arbitration proceedings are pending or contemplated

**AND** (*Must check one*)

## Form A

- that no other parties should be joined in this action; or
  - that the following persons or entities should be joined in this action
- 

I certify that confidential personal identifiers have been redacted from documents now submitted to the court and will be redacted from all documents submitted in the future in accordance with *Rule 1:38-7(b)*.

I further certify that this answer was served by me upon all existing parties.

---

Dated

---

Defendant's Signature

---

Defendant's Name - Typed or Printed

- Demand for Production of Documents Pursuant to R. 4:18-2.** By checking this box, demand is made for production of all documents or papers referred to in the pleading for which this answer is provided, within 5 days of this demand.

**Enstriksyon sou kijan pou Ranpli Repons Sivil Espesyal (Aksidan Machinn) - Fòm B**  
(Special Civil Answer (Auto Accident))

(Si Ka w PA GEN pou wè ak aksidan machinn, itilize Fòm A a)

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribinal la fèt pou an angle.  
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English.

- A. Akize a/*defendant, se w*, moun y ap asiyen a, epi pleyan/*plaintiff* se moun kap asiyen ou an.
- B. Nan pati anlè fòm la sou seksyon ki make *Filing Attorney Information or Pro Se Litigant*, ekri non ou, adrès, nimewo telefòn lajoujen ak adrès imèl. Si w pa avoka, kite pati Nimewo Idantifikasyon Avoka NJ vid/*NJ Attorney ID*.
- C. Nan seksyon pou enfòmasyon pleyan a, ekri non pleyan a, adrès ak nimewo telefòn lajounnen. Asire w byen ke w tcheke ti kazyé a si adrès ak/oswa nimewo telefòn pleyan a chanje de dat demann la te depoze.
- D. Nan seksyon pou enfomasyon akize a, ekri non (non yo), adrès aktyèl (adrès yo) ak nimewo telefòn lajounnen (nimewo yo) akize ki parèt sou lis plent la.
- E. Nan pati a dwat sou fòm la, ekri non Konte a/*County* epi *Docket No.* nimewo tribinal la deziye ba ka a. (W ap kab jwenn enfòmasyon sa a nan plent ke yo depoze kont ou a).
- F. Nan seksyon anba *Defendant(s), by way of answer to the complaint, say(s)*, (Defendant(s) atravè repons a plent la, li di (yo di)), tcheke deklarasyon ki koresponn la (ki koresponn yo), ki etabli ak gen rapò ak aksidan machinn la, epi itilize espas yo founi a pou bay yon deskripsyon tou kout de poukisa swadizan aksidan ki sou plent la se pat fòt ou.
- G. Endike si w vle ou pa yon jijman devan jiri. Si se sa, chwazi deklarasyon ki koresponn la - demann pou jijman devan jiri (*trial by jury requested*) oswa demann pou jijman devan jiri aplikasyon pou egzansyon frè déjà soumèt (*trial by jury requested and I have submitted an application for a fee waiver*).

Enkli swa yon chèk oubyen money order pou \$130 (\$100 pou jiri a ak \$30 pou frè Repons ki depoze a) peyab a *Treasurer, State of New Jersey* oubyen aplikasyon ou tou ranpli kote w ap mande egzansyon frè. (Pou prezante yon demann egzansyon frè itilize blok done [11208 - Kijan pou Prezante yon demann pou Egzansyon Frè-Tout Tribunal](#) (How to File for a Fee Waiver - All Courts), ke w a va jwenn nan Sant Oto-Asistans nan [njcourts.gov](#)).

- H. Nan pati Sètifikasyon a, tcheke tout kazyé aplikab yo nan **chak seksyon**, fè tribinal la konnen si gen lòt dosye konsènan menm pati yo. Founi enfòmasyon konsènan lòt reklamasyon yo oswa demann ki prezante (si ta gen okenn), epi notifye tribinal si okenn nan lòt pati yo ta fèt pou patisipe nan pousswit sivil la.

- I. ENPÔTAN:** Byen revize sètifikasyon ki fèt yo epi retounen tcheke yo pou wè si w obeyi tout egzijans Sètifikasyon yo anvan ou kontinye ak pwochen pa a. Sa vle di ke w fèt pou asire w ke w pa bezwen mennen okenn lòt moun nan ka a oubyen pou notifye tribunal la si yon lòt pati ta fèt pou fè pati ka a. Youn nan egzant pi komen yon se lè yon lopital ap asiyen yon pasyan pou bòdwo ki pa peye, men pasyan a kwè ke se konpayi asirans la ki ta dwe peye bòdwo a. Konpayi asirans la fèt pou enkli nan ka a. Si w nan yon sitiyasyon ki ta sanble egzant sa a, **PA ITILIZE** blok done sa a, itilize **11968** la pito - **Kijan pou Reponn yon Plent nan Pati Sivil Espesyal la ak yon reklamasyon rekolvansyonèl, reklamasyon oswa ranvwa san otorizasyon ak/oswa Plent Tyès Pati** (How to Answer a Complaint in the Special Civil Part With a Counterclaim, Cross-claim and/or Third Party Complaint).
- J.** Si *Repons (Answer)* (Fòm B) oswa nenpòt nan kopi papye yo ke w anekse a repons la ta gen nimewo Sekirite Sosyal, nimewo lisans kondwi, nimewo plak machinn, nimewo polis dasirans, kont finans ki aktif, nimewo kat kredi oswa enfòmasyon sou stati endividé a nan lame, ou fèt pou edite (bife) enfòmasyon sa a pou yo paka wè l, amwens ke nimewo idantifikasiyon pèsonèl sa yo oblige enkli daprè lalwa, règleman, direktiv administratif oswa lòd tribunal. Si se yon kont finansye ki lakòz reklamasyon a epi pa gen lòt fason pou idantifye li, ou ta met itilize kat dènye chif kont la pou idantifye li. Yon fwa ou finn konfime ke okenn nan idantifikasiyon pèsonèl sa yo sou papye ke w ap ranpli yo, ou fèt pou siyen ak make dat Sètifikasyon an ki di "*I certify that personal identifiers have been redacted from documents now submitted to the court and will be redacted from all documents submitted in the future in accordance with Rule 1:38-7(b).*"
- REMAK: Pa edite** (bife) enfòmasyon sa a nan dokiman orijinal yo ke w kenbe pou tèt ou piske w byen kab oblige montre yo nan tribunal la a yon moman done.
- K.** Nan liy ki parèt sou tèt *Dated la*, enprime byen klè oswa tape dat ke w te siyen fòm la, siyen non ou nan liy anlè kote ki make *Defendant's Signature* epi enprime byen klè oswa tape non ou sou liy ki parèt anba siyati w an.
- L.** Si w ta renmen jwenn swa yon kopi tout dokiman oswa papye ke yo mansyone nan Plent la tcheke kazyé ki make *the Demand for Production of Documents* ki parèt nan ba pye fòm la.

**Revize tout pa yo pou wè si tout bagay konplè anvan ou voye fòm yo ale pa lapòs.**

**Form B**

**Filing Attorney Information or Pro Se Litigant**

Name \_\_\_\_\_

NJ Attorney ID Number \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_

Email Address \_\_\_\_\_

Telephone Number \_\_\_\_\_

**Plaintiff**  Check if new address/phone number

Name \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_

Email Address \_\_\_\_\_

Telephone Number \_\_\_\_\_

vs.

**Defendant**

Name \_\_\_\_\_

Address \_\_\_\_\_

Email Address \_\_\_\_\_

Telephone Number \_\_\_\_\_

Superior Court of New Jersey

Law Division, Special Civil Part

County \_\_\_\_\_

Docket Number: DC- \_\_\_\_\_

**Civil Action**

**Answer  
(Auto Accident)**

Defendant(s), by way of answer to the complaint, say(s) (select all that apply):

I/We  admit /  deny that the accident took place on the date stated in the complaint.

I/We  admit /  deny that I was the owner of the vehicle on the date of the accident.

I/We  admit /  deny that I was the operator of the vehicle on the date of the accident.

I/We  admit /  deny that the accident took place at the location stated in the complaint.

The accident alleged in the complaint was not my/our fault because:

---

---

---

Trial by jury requested; an extra \$100 cash, check or money order is submitted.

Trial by jury requested; and I have submitted an application for a waiver of the \$100.00 fee.

## Form B

The Judiciary will provide reasonable accommodations to enable individuals with disabilities to access and participate in court events. Please contact the local ADA coordinator to request an accommodation. Contact information is available at [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

The New Jersey Judiciary provides court-interpreting services. If you need an interpreter, notify the court as soon as possible. Contact information is available at [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

### Certification

I certify, to the best of my knowledge: (*Must check one*)

- that the above matter is not the subject of any other court action or arbitration proceeding now pending or contemplated, or
- that the following actions or arbitration proceedings are pending or contemplated

---

**AND** (*Must check one*)

- that no other parties should be joined in this action; or
  - that the following persons or entities should be joined in this action
- 

I certify that confidential personal identifiers have been redacted from documents now submitted to the court and will be redacted from all documents submitted in the future in accordance with *Rule 1:38-7(b)*.

I further certify that this answer was served by me upon all existing parties.

---

Dated

---

Defendant's Signature

---

Defendant's Name - Typed or Printed

- Demand for Production of Documents Pursuant to R. 4:18-2.** By checking this box, demand is made for production of all documents or papers referred to in the pleading for which this answer is provided, within 5 days of this demand.